



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou piblikasyon imedyat: 26 novanm 2012

GOUVÈNÈ CUOMO REYINI AK DELEGASYON KONGRÈ NEW YORK, MAJISTRA BLOOMBERG AK OTORITE KONTE REJYONAL POU EGZAMINE EVALYASYON DOMAJ POU ETA A APRE PASAJ SIKLÒN SANDY

Gouvènè Andrew M. Cuomo te fè yon reyinyon enfòmasyon ak delegasyon Kongrè Eta New York, Majistra New York City, Michael R. Bloomberg ak Chèf Konte Nassau, Suffolk ak Westchester pou etidye yon evalyasyon detaye domaj ak kou atenyasyon /prevansyon fiti kom konsekans Siklòn Sandy yo, epitou pou diskite apwòch leta a nan chèche èd federal siplemantè pou ede kouvri kou reparasyon ak restorasyon yo.

Sa siklòn lan koute, jan sa estime nan konsiltasyon ak fim prive tankou PricewaterhouseCoopers ak PFM Group, ak tou vil ak konte yo, gen ladan:

- \$32,8 milya nan kou reparasyon ak restorasyon
- \$9,1 milya nan kou atenyasyon ak prevansyon

“Siklòn Sandy koze yon devastasyon san parèy, ki klase nan dezaz natirèl pi mal nan tout istwa peyi nou an antèm pèt vi, domaj nan pwopriyete, ak enpak ekonomik,” te di Gouvènè Cuomo. “Reyinyon jodi a ak Delegasyon Kongrè Eta nou an chita sou kooperasyon etwat ant patnè loka, eta ak federal ki te egziste pandan Siklòn Sandy ak apre siklòn lan. Ak tèt ansanm, nou pral konstwi pi solid, pi byen pase anvan, pou Eta New York pi byen prepare epi gen enfrastrikti anplas pou jere gwo ensidan tankou move tan.”

Fokis reyinyon delegasyon jodia a se \$32,8 milya nankou reparasyon ak entèvansyon ak bezwen ki genyen pou \$9,1 milya nan depans atenyasyon/prevansyon, ki vantile nan kategori sa yo:

<i>Kou Rekonstriksyon ak Prevansyon Costs (an milyon \$)</i>	
Vil New York	\$15.045,10
Konte Nassau	\$6.602,60

Konte Suffolk	\$1.784,90
Konte Westchester	\$527,80
Konte Rockland	\$143,70
Lot Konte	\$18,10
SÈVIS PIBLIK	\$1.504,00
Ajans New York State ak Otorite Tranpò	\$7.177,90
Total rekonstriksyon	\$32.804,10
Total Prevansyon ak Atenyasyon	\$9.080,80
TOTAL REKONSTRIKSYON AK PREVANSYON	\$41.884,90

Kou Rekonstriksyon (an milyon \$)

Entèvansyon Gouvenmantal	\$1.627,30
Ed Endividyèl	\$913,30
Kay Ou Rete	\$9.672,00
Enpak Komèsyal	\$6,000.00
Sante	\$3.081,00
Lekòl	\$342,70
Tranzit, Wout ak Pon	\$7.348,10
Pak ak Anviwonman	\$793,90
Dlo, Dechè ak Egou	\$1,060,3
Sèvis Piblik	\$1.504,00

Revni Operasyon Gouvenmantal	\$461,50
TOTAL	\$32.804.10

Konparezon ak Katrina

	Sandy nan New York	Katrina & Rita nan Louisiana
Lojman ki andomaje ouben detwi	305.000*	214.700
Enteripsyon Kouran (pik)	2.190.000	800.000
Biznis ki Afekte	265.300	18.700
Kantite sa enkli evalyasyon jiska kounye a; yo prevwa kantite sa pral ogmante		

Yon lòt vantilasyon kou yo nan tablè ki atache a.

Delegasyon an ak Gouvènè a te diskite sou rechèch èd siplemantè federal pou koresponn ak kou reparasyon ak restorasyon.

\$9 milya nan kou atenyasyon/prevansyon gen ladann aksyon atenyasyon ki gen "bon sans", tankou pwoteksyon kont inondasyon pou sit World Trade center ak wout ak tinèl sobwe frajil, jerasyon kouran nan sistèm apwovizyonman gaz, pwoteksyon kont inondasyon izin tretman dlo egou, ak sistem apwovizyonman kouran segondè pou sant sante.

Estimasyon domaj yo te fèt nan konsiltasyon ak PriceWaterhouseCoopers ak PFM Group. Revizyon PFM yo remake estimasyon yo jeneralman konsèvatif epi kèk sektè, tankou lojman, ka pa reflekte degre enpak la.

Senatè Ameriken Charles Schumer te di konsa, "New York te souffri domaj san parèy nan Siklòn Sandy, etandi ak pwofon, epi li mande yon repons serye fò ak egal nan men Gouvenman Federal. Gouvènè a, apre reyinyon ak Majistra Bloomberg ak chèf konte yo, te bannou yon estimasyon domaj serye ak detaye ki montre klèman domaj grav New York a Nouyòkè te sibi. Pandan nap travay ak Administrasyon ak delegasyon an, ak kòlèg nan lòt eta afekte yo tou, nou pral fè sa nou konnen pou maksimize soulajman New York resevwa. Pa fè erè, sa pa pral fasil, patikilyèman nan kontèks kriz fiskal iminan an, ak yon kongrè ki mwen amikal pa rapò ak dezans nan tan pase yo. Se pral yon efò kap dire plizyè semenn, men pa anpil mwa, epi nou pa pral pran repo jiskaske repons federal yo koresponn ak gwo bezwen etandi New York."

Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand te di konsa, “Imaj devastasyon New York te soufri nan Siklòn Sandy di nou sèlman mwaye istwa dezas san paryèy sa. mwen te pase jou apre jou nan reyinyon ak fanmi nan New York ki te gen lavi yo tèt anba, kay yo ak biznis yo kraze. Nouyòkè rezistan, nou pliye men nou pa kase, men nou pap ka fè l pou kont nou. Gouvenman federal la te gen yon responsabilite klè pou angaje nou tou reseous nesesè nou yo pou ede nou rekonstwi. Sa pa pral yon batay fasil, men nou se yon delegasyon ini, epi avèk Gouvènè Cuomo ak Majistra Bloomberg, epi nou pral mennenyon gwo batay pou deplase montay la pou chak dola New York yo bezwen.”

Reprezantan Ameriken Charles Rangel te di konsa, “Gouvene a te fè yon ekselan travay nan souliyen bezwen New York kom konsekans Siklòn Sandy. Travay nou se wè pou èd la rive jwenn Eta a pi rapidman posib. Avèk ti tan ki rete nan sesyon kongrè sa, sa pap fasil. Men nou ka pale sou mwayen sibstans plizyè milyon moun ki bezwen nou pou sa fèt ane sa, epi nou pral goumen pou sa rive.”

Reprezantan Ameriken Edolphus Towns te di konsa, “Tankou anpil lokalite nan Eta New York, seksyon nan Brooklyn te frape fò nan Siklòn Sandy. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak otorite eta a pou repons rapid yo nan evalyasyon domaj ak nan èd yo bay Nouyòkè. Mwen rete kwè yo pral goumen pou chak dola nan Washington pou garanti yon rekonstriksyon konplè”

Reprezantan Ameriken Nita Lowey te di konsa, “Domaj Sandy te enflije sou New York City, Long Island, ak ba Hudson Valley a te di, epi anpil travay rete pou fè pou ede rezidan, pwopriyetè biznis ak gouvenman lokal retabli ak rekonstwi yo. Mwen pral travay ak Gouvènè Cuomo, Delegasyon New York la, otorite lokal, ak kolèg nan tou de bò yo pou garanti gouvenman federal la ap jwe patisyon pal li pou bay èd rejyon nou an bezwen. .”

Reprezantan Ameriken Jerrold Nadler te di konsa, “Devastasyon nan New York apre Siklòn Sandy toujou vizib tout kote nan vil la, epi sa fè mal anpil pou konstitiyan men yo nan Coney Island, Sea Gate, Red Hook, ak ba Manhattan. Plizyè milye moun toujou rete deplase, plizyè milye ap eseye rekonstwi, epi plizyè milye ap goumen pou retounen nan yon vi nòmal. Nou pral pote nan Kongrè a evalyasyon detaye Gouvènè Cuomo a sou domaj yo epi travay pou garanti New York jwenn chak dola li bezwen pou rekonstwi epi pwogrese.”

Reprezantan Ameriken Peter King te di konsa, “Lè m konsidere domaj katastwofik ki tonbe sou New York, mwen angaje m pou m travay ak Gouvènè Cuomo ak delegasyon kongrè a pou garanti Long Island ak New York jwenn èd federal yo bezwen a pou rekonstwi.”

Reprezantan Ameriken Carolyn Maloney te di konsa, “Sipè siklòn lan te fè gwo gwo domaj nan New York epi sa pral pran nou efò soutni, -- ak finansman soutni-- pou bagay yo tounen nan nòmal yo. Mwen konnen mwen pral mete ansanm ak kolèg mwen yo nan delegasyon an pou goumen pou chak dola rekonswtwiksyon nou bezwen.”

Reprezantan Ameriken Nydia Velazquez, “Gouvènè a te bannou yon mizajou detaye sou kijan eta a ap travay pou bay soulajman pou moun sinistre nan Siklon Sandy. Nou dwe kontinye kowodone nan tout nivo gouvènman - federal, eta ak lokal – pou rekonstwi ak repare kominote nou yo.”

Reprezantan Ameriken Gregory Meeks te di konsa, “Siklòn Sandy te enflije domaj katastwofik sou New York City ak Long Island. Engajman dirèk Gouvènè a— nan distri mwen an tou — te desizif. Mwen bagay la tou ka di pou nan tout evalyasyon administrasyon li a te fè de destriksyon an. Sa Nouyòkè yo te andire a se yon trajedi ameriken. Vwazinaj, bizinis, pwopriyete, enfrakstrikti, ak ekonomi mondyalman entegre nou yo pa kapab restore ouben rekonstwi san èd ak resous federal. Nou tout detèmine pou travay san pran souf ak Prezidan Obama ak kòlèg nan kongrè nou yo pou garanti New York ap jwenn èd federal li bezwen an. Si te janm genyen yon nesesite pou bipatizanri, se sa menm.”

Reprezantan Ameriken Joe Crowley te di konsa, “Sandy te kite nou ak yon kantite domaj ak destriksyon san parèy nan New York City ak nan tout eta a. Fanmi, bizinis, ak kominote antye ap fè fas kounye a ak defi kolosal pou rekole mòso vi yo ansanm. Pa gen wout pa bwa sou sa: nou pa ka rekonstwi san èd gouvènman federal la. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèship li pandan tout tanpèt la epi mwen espere travay ak li, ak kòlèg mwen yo tou, pou garanti New York ap resevwa tout kòb li bezwen pou l reyabilite ak rekonstwi.”

Reprezantan Ameriken Michael Grimm te di konsa, “Staten Island te devaste nan Siklòn Sandy, epi apre kèk semenn apre nou kòmanse ap wè etandi domaj yo, sa ki pral ogmante kanmenm antèm pri ofizamezi tan ap pase. Nan reyinyon jodi a ak Gouvènè Cuomo, gen bagay ki klè: Repibliken ouben Demokrat, nou se Nouyòkè anvan tout lòt bagay. Nou fè yon sèl antanke delegasyon kap fè sal konnen pou sekirize èd ki nesèsè pou rekonstwi kominote nou an epi pwogrese ak reyabilitasyon fòl ak rapid New York.”

Reprezantan Ameriken Bob Turner te di konsa, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou prezantasyon detaye li a ki montre yon fèy de wout efektif pou ede Nouyòkè ki sinistre nan Sandy. Nou pa Repibliken ni Demokrat, nou tout se Nouyòkè kap travay pou rekonstwi Eta nou renmen an epi nap espere kontinye diskisyon an sou ki resous ki pral nesèsè pou rekonstwi epi asire lavni.”

Majistra Vil New York, Michael R. Bloomberg te di konsa, “Siklòn Sandy te koze anpil domaj nan enfrastrikti nou yo epi de fè plizyè milye moun deplase. Pasle map travay sere sere ak patnè onivo Leta ak Federal la, mwen si nou ka rekonstwi epi estore Vil ekstraòdinè nou an”

Egzekitif Konte Nassau, Edward P. Mangano te di konsa, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo, Senatè ameriken Schumer ak Gillibrand ak tout Manm Kongrè nou yo pou tèt ansanm yo fè pou konprann bezwen lokal yo epi pou plede koz èd imedyata pou rezidan yo kap goumen pou relve yo apre Siklòn Sandy. Rankont sa builds on vizit Prezidan kote li ba nou garanti Gouvènman federal la pral ede nou nan travay rekonstriksyon fenomenal sa.”

Suffolk County Executive Steve Bellone te di konsa, “Nou te gen yon reyinyon trè pwodiktif jodi a ak Gouvènè a ak Delegasyon Federal New York la. Bezwen Konte Suffolk yo te etabli ak prezizyon antanke pati pwosesis la epi mwen espere travay ak Delegasyon Federal la pandan nap chèche repare ak rekonstwi nan Konte Suffolk.”

Egzekitif Konte Westchester, Robert P. Astorino te di konsa, “Li enpòtan pou nou sou menm longè donn antanke Nouyòkè, pa antanke Repibliken ouben Demokrat. Nou bezwen pale nan yon sèl vwa pandan nap chèche ranbousman depans rekonstriksyon nan men gouvènman federal la akòz siklòn terib sa. Epi reyinyon jodia a te yon bon pa annavan nan pwosesis sa.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

(Gade fichy ki atache a: Sandy Impact Summary.pdf)